# X. KÁRXANA HÁM SHÓLKEMLERDIŃ FINANSLIQ NÁTIYJELERI

**Payda.** Esabat maǵlıwmatları boyınsha, 2024-jıldıń yanvar-fevral aylarında ekonomika tarawlarında kárxana hám mákemeler tárepinen 761,8 mlrd. som muǵdarında juwmaqlawshı finanslıq nátiyje alındı. 2023- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda, payda kólemi 223,7 mlrd. somǵa kemeygen hám ósim páti 77,3 % ti quradı.

**2024-jıldıń yanvar-fevral aylarında ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha juwmaqlawshı finanslıq nátiyjeleri**

| | *Payda, ziyan (+-), mlrd. som* | *2023-jıl yanvar-fevralǵa salistirǵanda, % te* |
|---|---|---|
| **Jámi** | **761,8** | **77,3** |
| Awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı | 0,2 | 2,0 e. |
| Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdı islew | - | - |
| Islep shıǵaratuǵın sanaat | 692,3 | 70,9 |
| Elektr gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw | 0,4 | 266,4 e. |
| Suw menen támiyinlew kanalizaciya tarmaǵı, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw | -2,1 | - |
| Qurılıs | 0,6 | 108,0 |
| Sawda | 2,7 | 9,3 e. |
| Tasıw hám saqlaw | 66,8 | 5,9 |
| Kóshpes múlk penen operaciyalar | 0,8 | 122,2 |
| Professional, ilmiy hám texnikalıq xızmeti | 0,1 | 2,7 e. |

2024-jıldıń yanvar-fevral ayların ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda, paydanıń tiykarǵı ósimi “Ózximiyasanaat” AJ (15,9 mlrd. som), “O‘zbekneftgaz” AJ (2,4 mlrd. somǵa) hám “O‘zbekiston temir yo‘llari” AJ (66,8 mlrd.som)ǵa tuwrı keledi. Paydanıń páseyıwi “Ózpaxtasanaat” AJ (19,0 mlrd. som) esabına tuwrı keldi.

2024-jıl yanvar-fevral ayları juwmaqları boyınsha iri kommerciyalıq kárxanalardıń paydası 784,8 mlrd. somdı qurap, ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 79,1 % ti quradi.

Aymaqlar kesiminde paydanıń tiykarǵı bólegi Nókis qalası 695,2 mlrd. som (jámi paydanıń 88,6 %), Taqıyatas 3, 5 mlrd. som (0,4 %), Qońırat 83,0 mlrd. som (10,6 %) hám Shımbay 0,7 mlrd. som (0,1 %) rayonlarına tuwrı keledi.

Sonday-aq, Shomanay rayonında iri komerciyalıq kárxanalar bolmaǵanlıǵı sebepli, payda (zıyan) muǵdarı keltirilmegen.

**2024-jıldıń yanvar-fevral aylarında qala hám rayonlar kesiminde juwmaqlawshı finanslıq nátiyjeleri**

| | *Payda, zıyan (-), mlrd. som* | *2023-jıl yanvar-fevralǵa salıstırǵanda % te* |
|---|---|---|
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **761,8** | **77,3** |
| Nókis q. | 694,9 | 73,8 |
| *rayonlar:* | | |
| Ámiwdárya | 0,6 | 28,0 |
| Beruniy | - | - |
| Bozataw | - | - |
| Qaraózek | -16,7 | - |
| Kegeyli | 0,1 | - |
| Qońırat | 83,0 | 196,0 |
| Qanlıkól | -0,1 | - |
| Moynaq | - | - |
| Nókis | - | - |
| Taqıyatas | 3,5 | 4,6 e. |
| Taxtakópir | -1,9 | - |
| Tórtkúl | 0,8 | 100,7 |
| Xojeli | - | - |
| Shımbay | 0,7 | 2,2 e. |
| Ellikqala | -3,1 | - |

**Zıyanlar.** 2024-jıldıń yanvar-fevral aylarında 8 mekeme hám kárxanalarda 22956,3 mln. som zıyanǵa jol qoyılǵan. Zıyanlardıń tiykarǵı bólegi "Dári dárman" AJ 240,2 mln. som, Mámleketlik hám xojalıq basqarıwı organlarına kirmegen isbilermenlik subyektleri 22523,4 mln.som Ózbekstan Respublikası Qurılıs hám úy-jay kommunal xojalıǵı ministrligi 168,4 mln.som "Ózdánónimleri" AJ 24,3 mln.som úlesine tuwrı kelmekte.

**2024-jıldıń yanvar- fevral aylarında zıyan kórgen kárxana hám shólkemlerdiń finanslıq nátiyjeleri**

*(jámine salıstırǵanda % te)*




2024-jıl yanvar-fevral aylarında 8 kárxana óz háreketlerin zıyan menen juwmaqlaǵan bolıp, kórilgen zıyannıń ulıwma muǵdarı 22956,3 mln. somdı quraydı.

Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha eń kóp zıyan muǵdarı Suw menen támiyinlew kanalizaciya sisteması, shiǵindilardi jıynaw hám utilizaciya qılıw 2112,6 mln.som (kárxanalar sanı 1 birlik 9,2 procent), kótere hám usaqlap satıw 240,2 mln.som (kárxanalar sanı 1 birlik, 1,1 procent), Islep shıǵaratuǵın sanaat 20435,1 mln. som (kárxanalar sanı 5 birlik 89,0 procent)  Elektr gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw 168,4 mln. som (kárxanalar sanı 1 birlik 0,7 procent) úlesine tuwrı keledi.

**2024-jıldıń yanvar- fevral aylarında ekonomikalıq xızmet túri boyınsha zıyan kórgen kárxana hám mákemelerdiń finanslıq nátiyjeleri**

| | Kárxana-lar sanı | Zıyanomması | |
|---|---|---|---|
| | | mln. som | jámine salıstırǵanda % te |
| **Jámi** | **8** | **22956,3** | **100,0** |
| Sawda | 1 | 240,2 | 1,1 |
| Islep shıǵaratuǵın sanaat | 5 | 20435,1 | 89,0 |
| Suw menen táminlew kanalizaciya sistemasi, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw | 1 | 2112,6 | 9,2 |
| Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı konditsiyalaw | 1 | 168,4 | 0,7 |

**2024-jıldıń yanvar-fevral aylarında ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha zıyan kórgen kárxana hám mákemelerdiń finanslıq nátiyjeleri**
*(jámine salıstırǵanda % te)*



**2024-jıldıń yanvar-fevral aylarında qala hám rayonlar kesiminde zıyan kórgen kárxana hám mekemelerdiń finanslıq nátiyjeleri**

| | *Kárxanalar sanı* | *Zıyan kórgen kárxanalardıń úlesi, % te* | *Zıyan somması, mln. som* |
|---|---|---|---|
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **8** | **100,0** | **22956,3** |
| Nókis q. | 2 | 1,8 | 408,6 |
| Qanlıkól | 1 | 0,5 | 126,8 |
| Kegeyli | 1 | 0,7 | 154,2 |
| Qaraózek | 1 | 72,7 | 16687,4 |
| Taxtakópir | 1 | 9,2 | 2112,6 |
| Taqıyatas | 1 | 0,1 | 24,3 |
| Ellikqala | 1 | 15,0 | 3442,4 |

**Kárxana hám mekemelerdiń debitorlıq hám kreditorlıq qarızdarlıq jağdayı[1)]**

2024-jıl 1-mart jağdayına debitor qarızdarlıqtıń ulıwma kólemi 2899,4 mlrd. somdı quradı, sonnan muddeti ótken –21,0 mlrd. som yamasa jámi qarızdarlıqtıń 0,7 procenti. Múddeti ótken debitor qarızdarlıq 2023-jıldıń 1- mart ayına salıstırğanda 122,8 % ti qurap, 3,9 mlrd. somğa kóbeygen.

**2024-jıldıń 1-mart jağdayına ministrlikler hám mekemelerdiń debitor qarızdarlığı** *(jámine salıstırğanda % te)*

| *Debitor qarızdarlığı jámi* | *%* |
|---|---|
| “Ózpaxtasanaat” AJ | 0,3 |
| “Ózdánónimleri” AJ | 2,3 |
| “Ózximiyasanaat” AJ | 0,6 |
| “Ózbekneftegaz”AJ | 1,8 |
| “Ózbekstan temir jolları" AJ | 4,6 |
| “Ózavtosanaat” AJ | 0,1 |
| Basqalar | 90,3 |

[1)] *Byudjet hám basqa komerciyaliq emes shólkemler, ónim islep shigariw awil xojalığı kárxanaları, fermer hám diyqan xojalıqları, qamsizlandırıw shólkemleri, bankler, kishi kárxanaları hám mikrofirmalarsiz.*

2024-jıl 1-mart jaǵdayına jámi debitorlıq qarızdarlıqlar kólemi 2899,4 mlrd. somdı quradı, debitor qarızdarlıqlardıń tiykarǵı bólegi "Ózpaxtasanaat" AJ 7,7 mlrd. som (0,3 %), "Ózdánónimleri" AJ 66,2 mlrd. som (2,3 %), "Ózximiyasanaat" AJ 17,3 mlrd.som (0,6 %), "Ózbekneftegaz" AJ 52,6 mlrd. som (1,8 %), "Ózbekstan temir jolları" AJ 134,2 mlrd. som (4,6 %), "Ózbekstan Respublikası Uy-jay kommunal xızmet kórsetiw" ministirligi 0,8 mlrd. som (0,03 %), "Ózavtosanaat" AJ 2,2 mlrd. som (0,1 %) hámde basqalar 2618,4 mlrd. som (90,3 %) úleslerine tuwrı keldi.

**2024-jıl 1-mart jaǵdayına ekonomikalıq xızmet túri boyınsha múddeti ótken debitor qarızdarlıqtıń quramı**

| | *Jámi, mlrd. som* | *sonnan:* | | | *Múddeti ótken qarızdar-lıqtıń úlesi, % te* |
|---|---|---|---|---|---|
| | | *qarıydar hám buyırtpa-shılar* | *jetkerip beriwshilerge hám kesip alıp islewshilerge berilgen avanslar* | *ishki mekeme-ler arqalı* | |
| **Jámi** | **21,0** | **21,0** | **-** | **-** | **100,0** |
| Islep shıǵaratuǵın sanaat | 20,0 | 20,0 | - | - | 95,2 |
| Tasıw hám saqlaw | 0,9 | 0,9 | - | - | 4,3 |
| Qurılıs | 0,1 | 0,1 | - | - | 0,5 |

**2024-jıl 1-mart jaǵdayına ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha múddeti ótken kreditor qarızdarlıqtıń quramı**

| | *Jámi, mlrd. som* | *sonnan:* | | | *Múddeti ótken qarızdar-lıqtıń úlesi, % da* |
|---|---|---|---|---|---|
| | | *qarıydar hám buyırtpa-shılarǵa* | *miynetke haqı tólew boyınsha qarz* | *Byudjetke tólewler mámleketke máqsetli fontlarǵa tólew bóyınsha qarz* | |
| **Jámi** | **32,1** | **20,7** | **11,4** | **-** | **100,0** |
| Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdı islew | 12,7 | 1,3 | 11,4 | - | 39,6 |
| Islep shıǵaratuǵın sanaat | 17,9 | 17,9 | - | - | 55,8 |
| Tasıw hám saqlaw | 1,5 | 1,5 | - | - | 4,6 |

**2024-jıl 1-mart jaǵdayına ministrlikler hám mekemelerdiń kreditor qarızdarlıǵı** *(jámine salıstırǵanda % te)*

| *Kreditor qarızdarlıq, jámi* | **%** |
|---|---|
| “Ózpaxtasanaat” AJ | 0,1 |
| “Ózdánónimleri” AJ | 1,4 |
| “Ózximiyasanaat” AJ | 0,4 |
| “Ózbekneftegaz”AJ | 0,6 |
| “Ózbekstan temir jolları" AJ | 1,8 |
| Basqalar | 95,7 |

2024-jıl 1-mart jaǵdayına jámi kreditor qarızdarlıqlar kólemi 3 857,4 mlrd. somdı quraydı, kreditor qarızdarlıqlardıń tiykarǵı bólegi “Ózpaxtasanaat” AJ 2,7 mlrd.som (0,1 %), “Ózbekstan temir jolları” AJ 68,3 mlrd. som (1,8 %), “Ózdánónimleri” AJ 54,1 mlrd. som (1,4 %), “Ózximiyasanaat” AJ 16,3 mlrd. som (0,4 %), “Ózbekneftegaz” AJ 22,6 mlrd. som (0,6 %), “Ózbekstan Respublikası Uy-jay kommunal xızmet kórsetiw” ministirligi 0,5 mlrd. som (0,01 %), hámde basqalar 3 692,9 mlrd. som (95,7 %) úleslerine tuwrı keldi.